# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में लोकसभा चुनाव क पांच फेरा पूरा हो गइले के बाद छठवां अउर सतवां फेरा बदे कईगो राजनीतिक दल क स्टार प्रचारक अउर प्रमुख नेता लोगि परचार में आपन पुरहर ताकत झोंकि दिहले हवें। बढ़हन संख्या में रोजे जनसभा, रोड–सो, रैली, अउर नुक्कड सभा क दौर चलि रहल हौ। येहि कड़ी में आजु भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बस्ती, संतकबीरनगर अउर डुमरियागंज लोकसभा सीटि क ओम्मेदवारन के पक्ष में बस्ती जिला क पॉलिटेक्निक हाता में जनसभा के संबोधित कइलें। उहां के कहली कि ई क्षेत्र हमेसा उनके बातिन पर, काम पर, अउर वादा–इरादा पर भरोसा कइले हौ। ऊहो उनके भरोसा पर खरा उतरले में कउनो कसर नाही छोड़िहें। ई मोदी क गारंटी हौ। उहां के कहली कि सपा प्रमुख अखिलेश यादव उत्तर प्रदेश में नवासी सीटि जीते क दावा कई रहल हवे। चारि जून के नतीजा के सथहीं जनता ओन्हें नींद से जगावे वाली हौ। ऊहां के लोगिन से अपील कइली कि विकसित भारत बनावे बदे भाजपा के ओट दिहल जाव। श्री मोदी कहले कि विरासत अउर विकास क मंत्र से भारत आगे बढ़ि रहल हौ अउर आजु विश्व क पचवां अर्थव्यवस्था वाला देस बनि चुकल हौ। पूरा विश्व में भारत क सम्मान बढ़ि गइल हौ। भारत जब बोलेला तो पूरा दुनिया सुनेले। ऊहां के कहली कि अबहिन त ई ट्रेलर हौ, आगे बड़हन–बड़हन कार करे के हौ।

जनसभा के संबोधित करत भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि जनतों अब इंडी गठबंधन से कहि रहल हवे कि चाहे जितना जोर लगा लो जितेंगे तो मोदी ही। ऊहां के कहली कि पांच फेरा क चुनाव पूरा हो चुकल हौ अउर अब देस क लोगिन के चारि जून के नतीजा के बारे में कउनो संका नाही रहि गइल हौ। फिर एक बार मोदी सरकार अउर अबकी बार चार सौ पार क बाति सुनते कांग्रेस अउर सपा क इंडी गठबंधन के चक्कर आवे लगेला। ई दुन्नू पारटी मिलियो के चारि सौ सीट पर चुनाव नाही लड़ि पा रहलि हौ। ओहीं मुख्यमंत्री जौनपुर क मुंगराबादशाहपुरो में एगो जनसभा के संबोधित करत जौनपुर लोकसभा सीटि क भाजपा ओम्मेदवार कृपा शंकर सिंह के पक्ष में मतदान क अपील कइलें। उहां के कहली कि इंडी गठबंधन हतास अउर निरास हौ समाजवादी पारटी क रैलियन में रोजि भगदड, मारपीट अउर अराजकता दिखाई दे रहलि हौ। ओहर भाजपा क सीनियर नेता अउर मध्य प्रदेश क मुख्यमंत्री डाक्टर मोहन यादव महराजगंज में लोकसभा ओम्मेदवार अउर केन्द्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी के पक्ष में जनसभा कइलें। उहां के कहलि कि कांग्रेस के सासन काल में देस का सीमा असुरक्षित रहल। घोटालन के चलते पूरा देस अस्त–व्यस्त रहल। बाकिर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की अगुवाई में आजु देस मजबूत भइल हौ।

**********

लोकसभा चुनाव क छठवां फेरा में प्रदेस क चौदह सीटिनि बदे बिहले संझा पांच बजे चुनाव परचार थमि जाई। चौबीस मई के पोलिंग पारटी बूथन बदे रवाना होइहें। और पच्चीस मई के ओट परी। छठवां फेरा में सुल्तानपुर, प्रतापगंढ, फूलपुर, प्रयागराज, अम्बेडकरनगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, भदोही अउर मछलीशहर संसदीय सीटि के अलावे बलरामपुर क गैसड़ी विधानसभा उपचुनाव बदे मतदान होई।

**********

लोकसभा क पांच फेरा का मतदान पूरा हो गइले के बाद अब छठवां अउर सतवां फेरा क मतदान बदे मतदाता जागरूकता अभियान के तेज कै दिहल गइल हौ। आखिरी दुई फेरा क मतदान वाले संसदीय क्षेत्रन में मतदान के प्रेरित करे बदे जिला प्रशासन अउर स्वयंसेवी संगठनन की ओरि से विविध आयोजन कइल जा रहल हौ। येहि क्रम में बनारस में समाजिक संस्था की ओरि से मतदाता जागरूकता रैली निकारि के मतदान क संकल्प दियावल गइल। ओहि गोरखोपुर में कई गो समाजिक संगठन रैली निकारि के मतदाता जागरूकता क संनेसा देहलस। एइजा मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे जिला निर्वाचन अधिकारी कृष्णा करूणेश के पहल पर डिजिटल माध्यम से मतदाता लोगिन के आंमत्रण पत्रों भेजल जा रहल हौ।

**********

परिषदीयन स्कूलन में पढ़ि रहल विद्यार्थियन बदे आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस यानी एआइ अउर रोबोटिक्स लैब बनावल जाई । कक्षा छौ से आठ ले क विद्यार्थियन के पाठ्यक्रम में येही सत्र से एआइ अउर कोडिंग के सामिल कइल गइल हौ। विद्यार्थियन के नवीनतम तकनीक के बारे में जनकारी देवे बदे ई पहल कइल जा रहलि हौ। पहिला फेरा में करीब दुई हजार स्कूलन में एआइ अउर रॉबोटिक्स लैब स्थापित करे का तइयारी हौ। विद्यार्थी लोगिन के लैब में रोबोट कउने तरियन का करेला अउर एआइ का प्रयोग कवने–कवने क्षेत्रन में कइल जा रहल हौ, येकर जानकारी लैब में दिहल जाई।

**********

बुद्ध पूर्णिमा क पूर्व संध्या पर आजु आज राजकीय बौद्ध संग्राहलय कुशीनगर में भगवार बुद्ध क जिनगी पर अधारित छात्रा चित्र प्रदर्शनी क सुरूआत भइल। प्रदर्शनी में भगवान बुद्ध के जिनगी क प्रमुख घटना के चित्र के जरिया से देखावल गइल हौ। प्रदर्शनी दस जून ले चली। ओहर संझा के बौद्ध भिक्षु लोगि विशेष पूजा कइलें। राति के धम्मदेसना का कार्यक्रम होई। बुद्ध पूर्णिमा के मौका पर बिहने कुशीनगर में कई कार्यक्रमो आयोजित होई। प्रभात फेरी अउर रथ यात्रा से बुद्ध जयंती समारोह क शुभारंभ होई। येह कडी में म्यांमार बौद्ध मंदिर में मुख्य कार्यक्रम आयोजित होई।

**********